# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–11 सितम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मॉरिशस क प्रधानमंत्री डॉ नवीन चन्द्र रामगुलाम आजु बनारस में द्विपक्षीय बातचीत कइलें। येह दौरान दुन्नो देस के बिच्चे चारि गो समझौतन पर दस्खति भइल। एगो रिपोर्ट–

**दोनो नेताओं के बीच बातचीत में सहयोग के सभी क्षेत्र शामिल रहे। विज्ञान और तकनीक, ओशनोग्राफी, प्रशासनिक प्रशिक्षण और टेलीमेट्री में चार एमओयूस दोनों देशों के बीच आदान–प्रदान किए गए। शक्ति क्षेत्र, भारतीय अनुदान सहायता से छोटे विकास परियोजनाएं और हाइड्रोग्राफी से जुड़ी तीन अन्य दस्तावेज भी दोनों देशों ने साझा किए। बातचीत में सिविलाइजेशंस टाइस, आध्यात्मिक संबंध और पीपुल टू पीपुल टाइस को फिर से प्रगाढ किया गया। आलोक राय, आकाशवाणी समाचार, वाराणसी।**

एगो संयुक्त संवाददाता सम्मेलन में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दुन्नो देसन के बिच्चे मजबूत होत सम्बन्धन क पुस्टि करत कहलें कि भारत अउर मॉरिशस दुइ राष्ट्र हवें बाकिर हमनी क सपना एक बा। भारत अउर मॉरिशस साझेदारे नाहीं एगो परिवारो हवे। प्रधानमंत्री कहलें कि भारत के बहरे पहिला जन औसधि केन्द्र मॉरिशस में स्थापित कइल गइल है। उहां के बतवलीं कि ऊर्जा सुरक्षा द्विपक्षीय साझेदारी क खास स्तम्भ बा। प्रधानमंत्री कहलें कि आईआईटी मद्रास अउर भारतीय वृक्षारोपण प्रबंधन संस्थान मॉरिशस विश्वविद्यालय के साथे समझौतन पर दस्खति कइले हौ। एहसे पहिले बनारस पहुंचले पर प्रदेस क राज्यपाल आनंदीबेन पटेल अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ हवाई अड्डा पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क स्वागत कइलें। द्विपक्षीय वार्ता वाली जगहि ले तक जतरा के दौरान स्थानीय लोगि फूल बरसा के उनकर स्वागत कइलें।

**********

मॉरिशस क प्रधानमंत्री डॉ. नवीन चंद्र राम गुलाम बिहने अजोध्या जइहें। ओइजा प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उनकर मॉरिशस क पारंपरिक सैली के हिसाबि से रेड कार्पेट पर स्वागत करिहें। अजोध्या क जिलाधिकारी निखिल टीकाराम फुंडे बतवलें कि मॉरिशस क प्रधानमंत्री श्रीराम मंदिर पहुंचि के दरसन–पूजन करिहें। उहां के श्रीराम मंदिर निरमाण कार क अवलोकन करबि अउर परिसर में जटायु आ अंगद टीला पर पहुंचि के प्राचीन शिव मुरती क जलाभिषेको करबि। उनके दौरा के देखत एयरपोर्ट से ले के मंदिर परिसर ले सुरक्षा क खास इंतिजाम कइल गइल बा।

**********

गृह अउर सहकारिता मंत्री अमित शाह आजु लखनऊ के सथहीं देस के चारि हवाई अड्डन पर फास्ट ट्रैक इमिग्रेसन सेवा क वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के जरिये उद्घाटन कइलें। एकर उद्देस्य भारतीय नागरिकन अउर ओवरसीज सिटीजन ऑफ इंडिया–ओसीआई कार्डधारकन बदे इमिग्रेसन प्रक्रिया के सरल, तेज अउर परेसानी से मुक्त बनावल हौ।

**********

ब्रह्मलीन महंत दिग्विजयनाथ क छप्पनवां अउर महंत अवेद्यनाथ क इग्यारहवां पुण्यतिथि के उपलक्ष्य में गोरखनाथ मंदिर में आयोजित साप्ताहिक सरधांजलि समारोह क आजु समापन हो गइल। येही क्रम में ब्रह्मलीन महंत अवेद्यनाथ के पुण्यतिथि पर आयोजित सरधांजलि समारोह में गोरक्षपीठाधीश्वर आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो हिस्सा लिहलें। येह दौरान अपने सम्बोधन में उहां के कहलीं कि कर्ता के प्रति कृतज्ञता क भाव देखावल सनातन धरम क पहिला संस्कार हौ। गोरक्षपीठ में ब्रह्मलीन महंत क पुण्य स्मृति में साप्ताहिक आयोजनो कृतज्ञता ज्ञापने क आयाम हवे।

**********

येह बरिस स्वतंत्रता दिवस पर लाल किला के प्राचीर से प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दिवाली ले वस्तु अउर सेवा कर–जीएसटी में नया सुधारन क घोसणा कइले रहलें। जीएसटी परिषद तीनि सितम्बर के आम लोगिन के राहति देवे बदे दरन के युक्तसंगत बनवले क मंजूरी दे दिहलस। घरेलू इलेक्ट्रॉनिक समानन में जीएसटी सुधारन के ले के प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

***अब घरेलू इलेक्ट्रॉनिक समानन जइसे एयर कंडीसनर, डिसवॉसर अउर एलसीडी, एलईडी टीवी पर जीएसटी दर अट्ठाइस फीसदी से घटा के अठारह फीसदी कइ दीहल गइल बा। टैक्स में येह कटउती से ई समान सस्ता हो जाई, जेहसे ओकर मांग बढ़ी अउर घरेलू उत्पादकन के आपन ब्यौपार बढ़वले में मददि मिली। येह बिच्चे मोबाइल इलेक्ट्रॉनिक डिवाइसेज एक्सपोर्ट प्रमोसन काउंसिल क निदेसक देशराज भड़ाना प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी क धन्यवाद करत कहलें कि ई जीएसटी सुधार घरेलू मांग के बढ़ाई अउर आम लोगिन के खपत में बढ़ोत्तरी करी। आकाशवाणी नई दिल्ली से अमन यादव के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

नेपाल क काठमांडू, ललितपुर अउर भक्तपुर जिला में निसेधाज्ञा आ कर्फ्यू बिहने भिन्नहीं छौ बजे तक खातिर बढ़ा दीहल गइल बा। येह बिच्चे एयर इंडिया अउर इंडिगो घोसणा कइले हौ कि ऊ नेपाल में हलिये में भइल घटनाक्रम के नाते फंसल यात्रियन क मददि खातिर दिल्ली से काठमांडू के बिच्चे बिसेस उड़ान चला रहलि हौ। एयर इंडिया एगो बेयान में बतवलस कि नियमित उड़ान सुरू हो गइल बा।

**********